# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

खाली पाचें हजार रूपिया के स्टाम्प सुल्क से आपन अचल सम्पत्ति के रक्त सम्बन्धियन के नावें कइले क सहूलियत के बाद प्रदेस में अब पारिवारिक विभाजन अउर व्यवस्थापनों में ढेर सुविधा मिले जा रहल हवे। आजु लखनऊ में भइल एगो बइठकी में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि एक्के परिवार के सदस्यन के बिच्चे अचल सम्पत्ति क बंटवारा अउर जीवित मनई के आपन सम्पत्ति अपने परिवारीजन के नावें कइले पर दीहल जाये वाला स्टाम्प सुल्क पांच हजार रूपिया तय कइल जाए। न्यूनतम स्टाम्प सुल्क भइले से परिवार के बिच्चे सम्पत्ति बिबाद क निपटारा आसानी से हो पाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ राज्य में उच्च सिक्षा के क्षेत्र में निजी निवेस के प्रोत्साहन देवे बदे नया नीति तइयार कइले क निरदेस दिहले हवें। येह बारे में आजु लखनऊ में एगो बइठकी में मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला सात सालि में लगतारे कोसिस कइले से प्रदेस में एक मण्डल एक विश्वविद्यालय क परिकल्पना पूरा हो चुकल हवे। मण्डलन के बाद अब हमहन क लक्ष्य एक जिला एक विश्वविद्यालय क होखे के चाही। वर्तमान में पैंतीस जिलन में विश्वविद्यालय बाटे, बाकी बचल जिलन में विश्वविद्यालयन खातिर निजी क्षेत्र बढ़हन सहजोगी बनि सके ला। मुख्यमंत्री कहलें कि उच्च सिक्षा में निजी निवेस वर्तमान समय क अनिवार्य आवस्यकता हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अजोध्या दौरा पर हउवें। अजोध्या अइले पर उहां के हनुमानगढ़ी अउर रामलला क दरसन–पूजन कइलीं अउर मंदिर निरमाण क कार देखलीं। ओकरे बाद श्रीराम जन्मभूमि मंदिर ट्रस्ट के पदाधिकारियन से एहकर जनकारी लिहलीं। समचार मिलले ले मुख्यमंत्री आयुक्त सभागार में बइठकी कइ के विकास कार्यन अउर कानून व्यवस्था क समीक्षा करत हवें। मुख्यमंत्री बिहने ब्रह्मलीन परमहंस रामचन्द्र दास के मुरती के अनावरण कार्यक्रम के बादे अम्बेडकरनगर खातिर रवाना होइहें।

**********

अजोध्या आवे वाले सरधालुअन अउर यात्रियन बदे हवाई अड्डा से इलेक्ट्रिक सिटी बस सेवा सुरू कइल गइल हवे। महर्षि वाल्मीकि हवाईअड्डा पर सिटी बस सेवा क सुभारम्भ आजु अजोध्या क विधायक वेद प्रकाश गुप्ता, कमिश्नर गोरव दयाल, आईजी प्रवीण कुमार, डायरेक्टर एयरपोर्ट विनोद कुमार संयुक्त रूप से हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। हवाई अड्डा से लता चौक ले तीनि गो इलेक्ट्रिक सिटी बस चली।

**********

वाराणसी में काशी विश्वनाथ मंदिर से सटल दुइ गो इमारत के आजु भिन्नहीं ढहि गइले से ओकरे मलबा में दबि के एगो महिला क मउति हो गइल जबकि नौ जने अउरियो घाही हो गइलें। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी घटना के बारे में कमिश्नर कौशल राज शर्मा से बतियवलें अउर परभावित लोगिन क मददि करे के कहलें। घटना क सूचना मिलते पुलिस, एनडीआरएफ, डॉक्टर अउर डॉग स्क्वायड क टीमि मौका पर पहुंचलि। सज्जो घाही लोगिन के अस्पताल में भरती करावल गइल हवे। वाराणसी क कमिश्नर कौशल राज शर्मा बतवलें कि काशी विश्वनाथ मंदिर के लग्गे पुरान अउर जरजर मकानिनि के मालिकन के उनके सुरक्षा खातिर अगिला दुइ–तीनि महिन्ना बदे कउनों अउरियो जगहिनि पर जाये के कहल गइल हवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो हादसा क संज्ञान लेत जिला प्रसासन के अधिकारियन के घाही लोगिन के समुचित इलाज क निरदेस दिहले हवें।

**********

सेना भरती कार्यालय वाराणसी की ओरि से करावल जा रहल अग्निवीर सेना भरती के तिसरका दिन्ने आजु वाराणसी, मऊ अउर सोनभद्र जिला बदे जनरल ड्यूटी क दौड़ सम्पन्न भइल। दौड़ में बारह सौ एक अभ्यर्थी हिस्सा लिहलें, जवने में चारि सौ सत्तानबे अभ्यर्थी पास भइलें। बिहने जनरल ड्यूटी बदे गाजीपुर जिला के अभ्यर्थियन क दौड़ होई।

**********

नागपंचमी के तिउहार पर गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर के हाता में आठ अउर नौ अगस्त के दुइ दिन क प्रदेस स्तरीय सीनियर प्राइजमनी पुरूस कुस्ती प्रतियोगिता क आयोजन कइल जाई। जिला कुस्ती संघ क अध्यक्ष दिनेश सिंह बतवलें कि प्रतियोगिता में उत्तर प्रदेस केसरी, उत्तर प्रदेस कुमार अउर वीर अभिमन्यु खिताब खातिर विस्व स्तरीय पहलवानन के सथहीं करीब तीनि सौ पहलवान हिस्सा लीहें। फाइनल मोकाबिला में उत्साहवर्धन अउर विजेता लोगिन के ईनाम देवे बदे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ नौ अगस्त के मौजूद रहिहें।

**********

फाइलेरिया उन्मूलन से जुड़ल सामूहिक दवा सेवन अभियान के तहत आजु गोरखपुर में सेंटर फॉर एडवोकेसी एंड रिसर्च की ओरि से मीडिया कार्यसाला क आयोजन कइल गइल। कार्यसाला में मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉक्टर आशुतोष कुमार दुबे बतवलें कि फाइलेरिया लाइलाज बेमारी हवे अउर एहसे बचे खातिर सालि में एक बेर आ पांच सालि में लगतारे बचाव क दवाई खाइल जरूरी हउवे। येह सालि दस अगस्त से दुइ सितम्बर ले जिला के पैंतालीस लाख से जियादे लोगिन के स्वास्थ्य विभाग क टीमि घरे–घरे जा के दवाई खियाई। कार्यसाला में स्वास्थ्य विभाग क अपर निदेसक डॉक्टर एनपी गुप्ता, जिला मलेरिया अधिकारी अंगद सिंहो फाइलेरिया से बचाव के बारे में महत्वपूर्ण जनकारी दिहलें।

**********